

MANYÈL MANM OU A CHANJE POU AJOUTE KRITÈ KALIFIKASYON RESAN POU NOUVO MANM YO AK MANM KI DEJA EGZISTE KI KITE EPI RE-ENSKRI NAN YON PLAN SWEN ALONTÈM JERE (MLTC)

Pou nouvo manm ki enskri yo, apati **1 septanm 2025**, kritè kalifikasyon Pwogram MLTC pou antre nan yon plan Capitation Pasyèl MLTC (MLTCP) mande pou yo evalye yon moun ki bezwen sèvis ak sipò alontèm ki baze sou kominote (CBLTSS) pou plis pase 120 jou ak Kondisyon Bezwen Minimòm sa yo:

- omwen asistans limite avèk mouvman fizik avèk plis pase de aktivite lavi chak jou (ADLs); Oubyen
- moun ki gen yon dyagnostik demans oswa alzaymè, evalye kòm bezwen omwen sipèvizyon avèk plis pase yon ADL

Si ou te enskri nan nenpòt Plan MLTC anvan 1ye septanm 2025, ou p ap sijè a nouvo Egzijans Bezwen Minimòm yo nan re-evalyasyon, toutotan ou rete kontinyèlman enskri nan nenpòt plan MLTC. Si ou kite pwogram MLTC a epi ou vle retounen, w ap bezwen ranpli kritè kalifikasyon ki an plas pou enskripsyon MLTC nan moman ou rejoin.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele Sèvis Manm HomeFirst nan 1-877-771-1119 (TTY:711).